



Office for People With Developmental Disabilities

KATHY HOCHUL
Gouvènè

WILLOW BAER
Komisè Enterimè

Chè Direktè Edikasyon Espesyal ak/oswa Prezidan Komite Edikasyon Espesyal (CSE):

Lekòl Eta New York yo ofri anpil sipò ak sèvis pou elèv ki gen andikap devlopmantral tankou ede jèn adilt yo ak fanmi yo planifye avni yo. Biwo Eta New York pou Moun ki gen Andikap Devlopmantral (OPWDD) la pou ede w pandan w ap travay ak jèn adilt yo ak fanmi yo pou pran desizyon enpòtan konsènan avni yo.

Objektif komen nou se asire lè elèv yo gradye ak yon diplòm Regents oswa lokal oswa aksè yo nan yon edikasyon piblik gratis ak apwopriye fini, yo pare pou antre nan sèvis pou adilt ki pi byen satisfè bezwen yo.

OPWDD se ajans eta prensipal ki responsab pou bay sipò ak sèvis pou moun ki gen andikap devlopmantral ki satisfè kritè elijibilite nou yo. OPWDD ka bay elèv yo ak fanmi yo sipò ak sèvis pandan elèv yo toujou lekòl, pou ede yo gen plis sikse epi pou ede yo navige nan pwosesis tranzisyon an pou vin adilt. Sèvis yo ka gen ladan yo sipò nan kay ak nan kominote a, ak fòmasyon pou travay.

Pou sèvis OPWDD yo disponib lè elèv yo fini pwogram edikasyon yo, **elèv yo ak fanmi yo dwe kontakte OPWDD epi mande sèvis yo**. Ou ka ede lè w ankouraje fanmi yo pou yo kòmanse pwosesis pou detèmine elijibilite yo pou OPWDD ak planifikasyon pou sèvis yo alavans. Asire w ou fè elèv yo ak fanmi yo konnen yo ka kontakte OPWDD nenpòt ki lè pou aprann sou sipò ak sèvis yo.

Si elèv la gen kenx lane oswa plis, yo ankouraje fanmi yo pou yo kòmanse pwosesis tranzisyon an pi vit posib. Kòm ou konnen, règleman NYSED yo egzije pou pwosesis planifikasyon tranzisyon an kòmanse nan laj 15 lane. Planifikasyon tranzisyon an ak OPWDD ta dwe kòmanse omwen twazan anvan elèv la fini pwogram edikasyon li a pou tranzisyon sèvis soti nan lekòl pou rive nan lavi adilt ka pi transparan posib.

Lèt ak bwochi ki ki nan anèks yo se pou elèv ki gen andikap devlopmantral ak fanmi yo bay enfòmasyon itil sou sèvis nou yo ak pwosesis planifikasyon tranzisyon an. Tanpri pataje yo ak elèv ki gen 15-21 lane ou kwè ki ka elijib pou sèvis OPWDD yo, paran/gadyen yo, ak pwofesè yo. Tanpri ankouraje yo kontakte Front Door OPWDD a nan **866-946-9733** epi gade video Front Door OPWDD yo nan <https://opwdd.ny.gov/get-started> pou aprann plis sou elijibilite ak sèvis OPWDD yo. Elèv ki deja gen elijibilite pou OPWDD epi ki konekte ak yon Òganizasyon Kowòdinasyon Swen (CCO) dwe kontakte Jesyonè Swen yo pou ede yo mande sèvis pou adilt.

Pou OPWDD ak lekòl la travay ansanm, lekòl yo dwe mande paran oswa gadyen ki vle otorize lekòl la pou pataje dosye edikasyon ak sante elèv la ak OPWDD oswa pou di OPWDD sou elèv ki ka elijib pou sèvis OPWDD yo ranpli yon fòmilè Konsantman pou Divilge Enfòmasyon (nan anèks)

Tanpri sonje distri lekòl lokal yo dwe notifiye OPWDD si yo plase yon elèv nan distri yo a ki ka elijib pou OPWDD nan yon lekòl rezidansyèl (pansyona). Voye notifikasyon sa a atravè imèl bay residential.school@opwdd.ny.gov. OPWDD pran angajman pou ede elèv yo reyisi tranzisyon an soti nan plasman nan edikasyon rezidansyèl yo pou ale nan sèvis pou adilt OPWDD yo. Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Rezidansyèl yo (RSTC) ede elèv yo ak fanmi yo nan pwosesis sa a, men yon planifikasyon alavans esansyèl pou sikse.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Lokal la nan Biwo Rejyonal OPWDD lokal ou a lè w rele **866-946-9733** oswa voye yon imèl nan info@opwdd.ny.gov. Pou kesyon jeneral ki gen rapò ak tranzisyon lekòl la, tanpri voye yon imèl imèl bay student.transition@opwdd.ny.gov.

Sensèman,



Fechner Stecker
Direktè, Inite Tranzisyon Kominotè

Kk: K. Maunz
D. Regan
E. Wright
Direktè Biwo Rejyonal OPWDD yo
Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Lokal OPWDD yo
Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Rezidansyèl OPWDD yo

Anèks: Lèt pou Paran ak Gadyen pou Tranzisyon nan Lekòl Lokal yo
006 Bwochi sou Tranzisyon Lekòl pou Fanmi yo
Lis Kontak Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Lokal yo
Lis Kontak Kowòdonatè Tranzisyon Lekòl Rezidansèl yo
Fòmilè Konsantman

Revize 4/24/2024